Bundesministerium
Bildung, Wissenschaft
und Forschung

# iKM^PLUS юкъарчу дешаран I-чу тIегIанехь

***Лараме дай-наной, лараме Iуналхой!***

2022-чу шеран гуьйранна дIадоладо школин 7-чу классан **PLUS (iKM^PLUS) охIла хиларан тIегIа индивидуале билгалдар.** И хьакхалуш ду дешархойн хаарийн кху предметашкахула долчу тIегIанах: *немцойн, математика а, ингалсан а*, цо гойту, муьлхачу тIегIанехь ду карарчу хенахь шун бер, ткъа иштта гойту муьлхачу предметашкахула шен хаарш тодан йиш ю цуьнан. ЖамIаша хьехархошна дешархойх лаьцна блу тIетоьхна хаамаш ло. **Цу жамIаша индивидуале гIо дийр ду шун бер кхиарна а, цуьнан дешарна а.**

ЖамIаша иштта гIо до хьехархошна шайн урокийн анализ ян а, уьш кхин а кхачаме ян а. Школаша пайдаоьцу цу хаамех школин эвсаралла йиллина лакхаяккхарехь. **Цу жамIаша оценкина тIеIаткъам ца бо. Уьш бухе дохкуш дац кхидIа деша бер кхечу школе дIаоьцучу хенахь а.**

## ДIа муха йоьду iKM^PLUS?

iKM^PLUS гурашкахь шун беро *немцойн* маттехула, *математикеула*, *ингалсан* маттехула тIедахкарш кхочушдийр ду. ТIедахкарш кхочушдо ОНЛАЙН рожехь, дохалла цхьана предметана герггарчу хьесапехь академиески цхьа сахьт хуьлу.

iKM^PLUS дIахьо юкъарчу а, юкъардешаран лакхарчу а школашкахь 2022-чу шеран 21-чу ноябрера 20-чу декабре кхаччалц йолчу хенан муьрехь. Билггал долу терахьаш школин куьйгалло а, хьехархоша а билгалдо. Уьш шуна хоуьйтур ду толлучу предметан хьехархочо я школин куьйгалло. Билгалйинчу масех школехь iKM^PLUS хьалхе дIахьо. Цу гIуллакхна охIла болчу наха дIахьо и, цуьнан Iалошо – эвсаралла хилийтар.

## Сайн беран жамIаш кхочур дуй соьга?

iKM^PLUS, дакъалоцуш долчу хIора бере толлучу предметан хьехархочуьнгара шех **юханехьарчу зIенан код олуш йолу код кхочу**. Цу кодан гIоьнца шуна онлайн рожехь хуур ду шайн беран жамIаш. Дешархошка код дIакхачор ю жамIаш кийча ма-хилли.

Низаман берриге а бехкамаш лар а беш, леррина толлуш бу схьакхаьчна болу берриге а хаамаш. ЖамIаш дешархочун фамилица дуста йиш яц толлу предмет хьоьхуш волчу хьехархочун а, школин куьйгаллин а бен. Шун беран жамIашка и нах бен хьовса йиш яц. Иштта дихкина ду жамIаш кхечу школашка далар а.

Къайле ларъяран бакъонаш ма-ярра хаа йиш ю кхузахь: https://www.iqs.gv.at/datenschutz-ikmplus-schueler.

**Жамlех кхидlа хlун дан деза?**

Юкъарчу къамелехь шуна а, шун берана а хуур ду жамlех дуккха а дерг, предмет хьоьхучу хьехархочуьнца цхьаьна аша билгалдийр ду дешарехь кхидlа дан дезарг а, шайн беран lалашонаш а. Шуьга къамеле хьалхxе кхайкхар кхочур ду толлучу предметан хьехархочуьнгара я школин куьйгаллера.

**ТIетоьхна хаамаш стенгахь карор бу?**

Жигара болу хаамаш бовза йиш хир ю IQS (Австрин школийн системехь эвсараллин кхачояран Федеральни институт) сайта тlехь, ткъа иштта Дешаран, lилманан а, талламийн а федеральни министерствон сайта тlехь:
https://www.iqs.gv.at/ikmplus

https://www.bmbwf.gv.at/Themen/schule/bef/ikmplus.html

Кхузахь иштта карон йиш ю дай-наношна iKM^PLUS юкъарчу дешаран I-чу тlеrlанехь талларан хьокъехь кхечу меттанашка гочбина хаамаш:
https://www.bmbwf.gv.at/Themen/schule/schulrecht/erlaesse/ikmplus2022_sst7.html

Нагахь санна, хаамаш листарх а, бакъо йолчу бухедахкарех а шун хаттарш кхолаллахь, шун иштта йиш ю IQS долара хаамаш ларабаран векале дистхила:
datenschutz@iqs.gv.at